

**CCSO, CCPS ak Ajans Fòsdelòd Collier yo Anonse Plan Sekirite Amelyorasyon
18 February 2018**

Collier County Sheriff Kevin Rambosk avèk Dr. Kamela Patton, Sipèentandan Lekòl Piblik Collier County yo, ansanm avèk Chèf Polis Vil Naples la, Tom Weschler, Chèf Polis Marco Island nan, Al Schettino, Polis etablisman Florida SouthWestern State College la ak manm pèsonèl respektif yo ap kontinye travay nan weekend nan pou devlope yon plan sekirite amelyorasyon pou ede chak moun santi yo an sekirite lè yo retounen nan klas lendi matin.

Sa se anplis amelyorasyon ke yo te mete anplas nan Lekòl Collier County imedyatman apre tire ki te genyen nan yon lekòl mèkredi a nan Lekòl Segondè Stoneman Douglas nan Broward County e sa se anplis de patenarya long dat ki egziste ant CCPS ak CCSO ki lakoz lekòl nou yo rete an sekirite pou plizyè ane.

Tout lekòl piblik nan Collier County yo genyen omwen yon Ofisye yo asinye tout jounen nan Biwo Relasyon Lajenès e asinyasyon sayo pral re-evalye regilyèman e enkòpore nan plan estratejik manm pèsonèl nan pwochen bidjè a. Anplisdesa, yo pral ogmante prezans fòsdelòd nan tout lekòl piblik, prive, ak lekòl chat yo ansanm avèk etablisman Florida SouthWestern State College la.

Biwo Collier County Sheriff toujou genyen investigasyon ouvè e aktif ki genyen rapò avèk medya sosyal nou yo. CCSO trete investigasyon sayo avèk seryezite. Yo retire Elèv yo ki angaje nan ensidan ki sou investigasyon sayo nan lekòl la pandan yo ap tann rezilta investigasyon yo e ki sou obsèvasyon fòsdelòd yo.

Li espesyalman enpòtan pou chak moun nan kominote a rapòte aktivite mefyan oswa etranj bay fòsdelòd yo. Nenpòt moun ki ta vle rapòte aktivite mefyan kapab rele Biwo Collier County Sheriff la nan 239-252-9300, oswa si moun nan vle rete inanim e kalifye pou yon rekonpans, li kapab kontakte Crime Stoppers nan 1-800-780-8477.

Nou pral prepare aktyalizasyon sekirite anplis pou kominote nou an toutotan nou ap resevwa enfòmasyon.

Epi tou, yon elèv dwe okouran ke fè menas, menmsi se nan medya sosyal, kapab lakoz li sibi gwo konsekans enkli arestasyon e nou mande ke paran fè diskisyon enpòtan sa a avèk pitit yo.

Kamela Patton, Ph.D.
Sipèentandan
Lekòl Piblik Collier County